

Soal UTS Bahasa Sunda Kelas 4 SD Semester 1

Pek baca cerita dihandap ieu!

Karesep Muhamad Hilal

Nepangkeun wasta abdi Hilal. Lengkepna Muhamad Hilal. Abdi dilahirkeun di Sumedang, 7 Maret 2003. Karesep abdi maen bola. Abdi sakola nembe kelas 4 di SD negri 1 Cidadap. Abdi resep maen bola ti ngawitan TK dugi ka ayeuna.

Pek jawab pananya di handap ieu!

1. Saha ngaran lengkepna Hilal teh?

Eusi : Muhamad Hilal

2. Dimana Hilal dilahirkeun?

Eusi : Sumedang

3. Iraha Hilal dilahirkeun?

Eusi : 7 Maret 2003

4. Sakola dimana ayeuna Hilal, kelas sabaraha?

Eusi : SD Negeri 1 Cidadap Kelas 4

5. Naon ari karesep hilal the?, ti iraha resepna?

Eusi : Hilal resep pisan kana maen bola, ti kawitan TK dugi ka ayeuna SD leu di handap aya pedaran ngeunaan tutuwuhan. Pek ku hidep baca !

Jawer Kotok

Ngaran tutuwuhan iwu teh Jawer Kotok. Sok dipelak di pipir imah. Dauna siga jajantung nu sisina reregean leutik sakurilingna. Kembang kaluar tina pucukna. Jawer kotok bakal alus jadina upama dipelak di dataran nu datar. Manfaatna dijieun hiasan di pakarangan imah jeung dijieun obat rupa-rupa panyakit diantaranya: kencing manis, borok, nyeri beuteung jeung bisul.

Pek jawab pananya di handap ieu!

6. Dimana sok dipelakna jawer kotok teh?

Eusi : Di pipir imah

7. Naon manfaatna jawer kotok teh?

Jawaban : Manfaatna dijieun hiasan di pakarangan imah jeung dijieun obat rupa-rupa panyakit diantaranya: kencing manis, borok, nyeri beuteung jeung bisul.

Bewara

Assalamualaikum wr.wb

Kasadayana murid SD negeri 1 Cidadap dina dinten Sabtu kaping 19 Agustus 2020 kedah nyandak tutuwuhan kanggo dipelak di pakarangan sakola. Tutuwuhan anu dicandak kedah jenis herbal, nyaeta tutuwuhan anu tiasa dimanfaatkan kanggo landog. Hatur nuhun kana perhatosanana.

Wasalamualaikum wr.wb

Pupuhu kelas IV
SD Negeri Cidadap

Kartika Kulsumah

Pek jawab pananya ieu di handap!

8. Ku Saha eta bewara ditepikeuna?

Eusi : Pupuhu kelas 4, Kartika Kulsumah

9. Dinten naon murid kedah nyandak tutuwuhan teh?

Eusi : Sabtu, 19 Agustus 2020

10. Tutuwuhan jenis kumaha anu kedah di candak teh?

Jawaban : Tutuwuhan jenis herbal anu tiasa dimanfaatkeun kanggo landog.

Disclaimer: Artikel ini semata-mata hanya untuk memberikan pengetahuan kepada anak sebelum menghadapi [UTS](#), Jawaban belum tentu 100 persen benar.